


Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Raja Daud (Bagian 1)



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Lazarus; Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.

Daud anu anom aya dina pangungsian. Raja Saul kukeuhelna hayang maehan manéhna. Daud cicing di gurun keusik, dina hiji guha gede dikawal ku opat ratus urang. Sakapeung, tentara Raja Saul ampir kapanggih aranjeunna. Tapi Daud angger pindah.




Doeg, abdi Saul, ngawartosan ka raja yen para imam parantos ngabantosan Daud kabur. Saul maréntah supaya maranéhna dipaéhan. Tapi ngan Doeg bakal ngalakukeun eta! Manéhna kungsi maéhan dalapan puluh lima imam jeung kulawarga maranéhana jeung pedang-Na. Éta teh jahat pisan.




3

Dina hiji poe, Saul keur moro Daud nepi ka asup guha tempat nyumputna Daud jeung anak buahna. Saul nyalira!



4


Di guha, gampang pisan keur Daud maéhan Saul teh. Nanging sabalikna, anjeunna ngarayap ngadeukeutan ukur keur ngeureut sacuil ujung jubah Saul



ku keris seukeut. Nalika Saul angkat, Daud nyauran anjeunna. "Dina yén kuring motong tungtung jubah anjeun, sareng henteu maéhan anjeun, tingali yén teu aya anu jahat atanapi barontak tina panangan abdi ... "


5

Saul nyuhunkeun hapunten nu kasuhun tos boga rencana nganyenyeri Daud. Tapi teu lila, amarah heubeul anjeunna bijil deui, tuluy anjeunna ngumpulkeun tilu rebu prajurit pikeun maéhan Daud. Dina hiji peuting, waktu tangtara sarare, Daud jeung Abisai, salah saurang prajuritna, nyulusup ka tempat kemah raja, tempat Saul sare.




6

"Poé ieu Gusti parantos ngalungkeun musuh anjeun kana panangan anjeun," saur Abisai. "Punten atuh langsung we anjeunna ditumbak ku abdi, dugi ka bumi, sareng abdi moal kedah neunggeul anjeunna kadua kalina."




7

Daud nampik. Nyokot tumbak Saul jeung kendi, tuluy ninggalkeun pasanggrahan. Ti hiji pasir peuntaseun jalan, Daud ngagorowok nepi kadenge ku Saul. Sakali deui Saul ningali yén Daud bisa maéhan anjeunna, tapi eta henteu dilakukeun. Sakali deui, Saul nyebetkeun anjeunna hapunten kusabab nyobian nganyenyeri Daud. Tapi Daud terang anjeunna teu tiasa percanten kana kecap Saul.




8

Nepi ka ayeuna Samuel geus maot. Manéhna nyaéta nabi anu ku Allah dititah pikeun ngaleuleuskeun heula Saul, tuluy Daud jadi raja Israil. Waktu urang Pelisti narajang Israil, Saul milampah hiji hal nu dilarang ku Allah.



9

Anjeunna nitah hiji awewe sasauran ka Samuel ti alam nu tos maraot. Peuting éta, Saul meunang pesen.



10

"... Allah geus ninggalkeun maneh jeung geus jadi musuh maneh... Allah tos nyandak karajaan maneh ti leungeun maneh, dibikeun ka Daud. Isukan maneh jeung anak maneh bakal bareng jeung Kami. Kami oge arek masrahkeun pasukan Israil ka urang Pelisti." Nalika Saul ngadéngé éta, anjeunna pingsan bakat ku sieun.



11

Urang Pelisti perang ngalawan Israil, urang Israil kabur. Urang Pelisti maehan putra-putra Saul, kaasup Yonatan, sobat dalit Daud.




12

Saul tatu parna ku pamanah. Sarta anjeunna ngadawuh ka anu mawa senjata, "Candak pedang anjeun sarta tusukkeun kuring, antepkeun jalma jahat ieu datang sina nusuk jeung nyiksa kuring." Tapi jalma nu mawa senjata eta henteu wanieun, sabab anjeunna sieun pisan. Ku kituna Saul nyandak pedang sarta muragkeun maneh kana eta pedang.




13

Manggih mayit Saul jeung putra-putrana, urang Pelisti nancebkeun mayit-mayitna kana tembok kota Israil anu karebut. Sababaraha urang Israil anu wanian nyalametkeun mayit-mayitna, dibawa ka bumi sareng diduruk sateuacan dikubur di Israil.



14



Sangeus Daud nguping beja anu pikasieuneun, anjeunna ngungun, nangis, saum dugi ka sonten, pikeun Saul, pikeun Yonatan putrana, sareng pikeun umat PANGERAN, sabab aranjeunna parantos tiwas ku pedang.

15



Sanajan Saul geus nyoba maéhan Daud, Daud ngahormatan Saul salaku nu diistrénan Allah nepi ka ahir. Ayeuna Allah ngahormatan Daud, ngajadikeun anjeunna raja gaganti Saul.

16

Raja Daud (Bagian 1)


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

1 Samuel 24-31, 2 Samuel 1-2

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

17



20

60

18

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaeana Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaéta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugi ka ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

19